



# 5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon kont Pèsekisyon nan Kote ki Sèvi Piblik pou Sèks dapre Lwa Noujèze

- 1 Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann pèsekite moun pou sèks**, ki se yon fòm diskriminasyon kont yon moun nan kote ki sèvi piblik, kòm yon gason oubyen yon fi. Kote ki sèvi piblik yo, se kote ki louvri pou piblik la, tankou sa yo, san se pa sa sèlman: lekòl, inivèsite, biznis, restoran, kan ete, bilding gouvènman, ak lopital.
- 2 Sa yo ka rele pèsekisyon pou sèks, se pèsekisyon nan pawòl**, tankou gwo mo sal oswa kòmantè ki manke moun dega; pèsekisyon fizik tankou manyen moun lan kote li pa dakò; oswa pèsekisyon vizyèl, tankou montre moun lan pòtre, sekans vizyèl, oubyen desen pònografik. Pèsekisyon pou sèks se yon vyolasyon lalwa, kit moun ki koupab la se yon anplwaye nan yon kote ki sèvi piblik, tankou yon pwofesè inivèsite oswa yon doktè, kit se yon lòt kliyan nan kote ki sèvi piblik la, tankou yon lòt etidyan oswa yon lòt kliyan nan yon magazen.
- 3 Anjenneral, gen de (2) kalite pèsekisyon pou sèks**: paspouki ak anbyans ki ostil. Pèsekisyon paspouki, se lè yo fè yon moun benefisyè yon avantaj (tankou yon pi gwo nòt, oswa yon diskont nan yon magazen) poutèt favè seksyèl, oubyen yo mennase yon moun fè li yon mechanste (tankou pa kite li jwe nan yon ekip atletik lekòl li sipòte) si li refize yon pwopozisyon seksyèl. Gen yon anbyans ki ostil lè yo fè ou sibi yon konpòtman ou pa vle kòm yon gason oubyen yon fi, si konpòtman an ase grav oswa pèsistan pou fè ou santi entimidasyon, ostilite, oswa yon mankdega.
- 4 Yon kote ki sèvi piblik dwe pran aksyon pou sispann pèsekisyon seksyèl** si li konnen oswa li ta dwe konnen bagay konsa ap rive. Kidonk, pa egzanp, lekòl ou dwe pran aksyon si yon lòt etidyan afiche pawòl ki se yon mankdega pou ou sou lamwa ou, epi yon lopital dwe pran aksyon si li konnen gen yon doktè k ap manyen pasyan nan pati seksèl li yon jan pasyan an pa dakò.
- 5 Yon kote ki sèvi piblik pa gen dwa fè vanjans kont ou** paske ou fè objeksyon kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou pote plent kont pèsekisyon pou sèks, oubyen paske ou sèvi oubyen eseye sèvi avèk nenpòt ki lòt dwa dapre LAD. Pa egzanp, yon restoran pa gen dwa mete ou deyò paske ou pote plent kont pèsekisyon pou sèks yon anplwaye k ap sèvi kliyan komèt, epi yon pwofesè pa gen dwa pini ou paske ou pote plent kont pèsekisyon pou sèks yon lòt etidyan komèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General  
[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)

 **DIVISION ON  
NJ CIVIL RIGHTS**  
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/24/21